

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra lahir tina ébréhan rasa dina jiwa saterusna diolah sacara jero ngagunakeun média basa ngaliwatan prosés nulis. Sakumaha nu ditétélakeun ku Iskandarwassid (2003, kc. 138) karya sastra téh mangrupa karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Ku kituna, hasil nu diciptakeun dumasar ayana prosés nulis ngagunakeun alat basa téh salasihijina mangrupa novel. Novel nyaéta salah sahiji karya sastra anu nyampak dina wangun prosa. Nurutkeun Isnéndés (2009, kc. 22) prosa nya éta karangan dina rakitan basa sapopoé, tanpa ngolah atawa ngatur intonasi anu matok, lancarana téa disebutna. Prosa ogé mangrupa hiji carita rékaan anu ngéntép seureuh, nyaritakeun kahirupan manusa jeung méré kesan lir enya-nya kajadian tur ukuranana panjang. Tangtuna saluyu jeung pamadegan diluhur katitén yén dina novel aya sababaraha carita nu mangrupa rékaan kajadian tina kahirupan sapopoé nu dijieun sakumaha kajadian nu saenyana.

Dina karya sastra, aya sababaraha karya nu raket patalina jeung dunya wanoja, eusina mangrupa kritikan kana kaayaan nu karandapan ku kaum wanoja (Majid, 2010, kc. 1). Ku kituna, wanoja dina tulisanna bisa ngébréhkeun rupa-rupa pasualan boh perkara batin dumasar kasang tukang kulawargana, boh perkara situasi bangsa jeung nagri dina mangsana. Novel-novel karya tulisan wanoja miboga maksud dua sora, karyana bisa nyiptakeun dunya otonom sarta ngébréhkeun warisan sosial jeung budaya ti para kelompok '*pireu*' nu tanpa sora (Isnéndés C. R., 2010). Ku kituna tulisan-tulisan wanoja dina wangun novel bisa jadi salasihiji léngkah pamahaman diri kana ayana budaya jeung tradisi sastra wanoja dina widang sajarah.

Karakter Aam Amilia salaku panulis wanoja jeung sastrawan nu rancagé jadi pamujian jeung diapresiasi ku sastrawan lalaki, utamana Ajip Rosidi, Yoseph Iskandar jeung Duduh Durrahman (Isnéndés, 2017, kc.54). Sastrawan wanoja Sunda ieu téh préstasina luar biasa, diantaranya waé kungsi meunang penghargaan pikeun karya jeung jasa ti Lembaga Basa jeung Sastra Sunda, Piagam Moh. Ambri ti PP-SS, Majalah Manglé, Sarinah, Zaman, IKAPI Jawa Barat, Anugerah Budaya

ti Wali Kota Bandung, Anugerah Budaya ti Gubernur Jawa Barat, jeung Anugerah Sastra ti Insitut Budaya Sunda. Aam Amilia ogé kungsi jadi wawakil dina lawungan Sastrawan ASEAN di Filipina (Isnéndés, 2017).

Teu héran upama pamacana mikaresep kana karya-karya Aam Amilia, lantaran salian ti tina préstasi-préstasina, ogé karya-karyana onjoy ti nu lian, nepi ka sababaraha kali dilélér penghargaan. Di sagigireun ti éta, tulisan Aam Amilia miboga ajén-ajén anu didumasaran ku pangalaman, kasang tukang kulawarga, katut ébréhan salaku wanoja dina kahirupan rumah tanggana anu ditepikeun ka pamaca sangkan bisa jadi pieunteungeun. Contona waé dina tulisan-tulisanna réa ngabahas ngeunaan wanoja dumasar kana kasang tukangna salaku wanoja turunan ménak nu miboga adat sarta tradisi anu pageuh, wanoja désa nu miboga karakter *lemah lembut*, sarta wanoja modéren nu mahér nempatkeun dirina sangkan teu kapangaruhan ku idéologi modéren tapi bisa nyaluyukeun dina kahirupan modéren.

Novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia mangrupa novel nu kungsi dilélér Hadiah Sastra Rancagé 2015 basa Sunda (Rosidi, 2015). Ku sabab salian ti némbongkeun carita anu imajinatif, ieu novel ngébréhkeun ngeunaan pamahaman diri salaku wanoja kana kaayaan sosial-budaya dina mangsana. Sakumaha anu kapaluruh dina ieu novel aya dua tokoh wanoja nya éta Anten jeung Surtikanti. Dua tokoh wanoja anu miboga kasang tukang keluarga, kasang tukang sosial anu béda. Tapi dua tokoh ieu miboga karakter sasaruana dina dirina salaku wanoja anu paham kana pancén, tanggung jawab salaku wanoja dina ngalakonan kahirupanna. Anten jeung Surtikanti ngagambarkeun citra wanoja Sunda anu miboga rasa silih pikanyaah ka sasama wanoja. Hubungan Anten jeung Surtikanti téh salaku wanoja anu sarua mikacinta lalaki nu ngaranna Alam. Anten salaku wanoja cinta pertama nu teu bisa dipopohokeun ku Alam, sedengkeun Surtikanti pamajikan Alam nu saenyana Alam mikanyaah Surti saperti ka adi sorangan. Tapi dua wanoja éta silih pikanyaah, silih ajénan, silih asongkeun kamandang nepi ka Surtikanti nganggap Anten lanceukna sarta réla Alam ngadua asal jeung Anten.

Usaha pikeun nalungtik sastra, hususna ngeunaan kawanojaan nyaéta ku jalan ditalungtik maké élmu kritik sastra féminis. Kritik sastra féminisme nyaéta studi sastra anu leuwih nyosok jero kana pasualan wanoja nu digambarkeun dina

karangan sastra (Sugihastuti, 2013, kc.18). Saluyu jeung tokoh sarta penokohan wanoja dina ieu novel anu matak ngirut pikeun ditalungtik. Dasar ieu panalungtikan sastra ngagunakeun pamarekan feminisme nyaéta ayana pamahaman kana kalungguhan jeung peran wanoja dina karya sastra. (Endraswara, 2011:146). Dina hirup kumbuh di masarakat citra kaum wanoja dianggap leuwih handap tibatan kaum lalaki, saperti nu ditétélakeun ku Karim (2014, kc. 83) féminisme dumasar struktur sosial di masarakat, kaum wanoja ditempatkeun salaku minoritas. Ku kituna, panalungtik miboga maksud pikeun nalungtik citra wanoja nu aya dina novel *Kembang-kembang Anten*. Sakumaha anu ditétélakeun ku Djajanegara (2000, kc. 51) yén umumna karya sastra anu midangkeun tokoh wanoja téh ditalungtik tina segi féminisna.

Puseur dina ieu tiori nyaéta nilik kana citra wanoja sarta kalungguhan tokoh wanoja Sunda dina éta karya. Patali jeung kalungguhanana wanoja saperti anu ditétélakeun ku Juanda (2018, kc.71) yén sipat gender wanoja anu lemah lembut, émosional, teu payaan dina pasualan nu patali jeung rasa nimbulkeun ayana pamahaman yén wanoja teu mampuh pikeun jadi pamingpin lantaran teu bisa nyieun jeung nyindekkeun kaputusan. Ku kituna, hal-hal nu patali jeung wanoja diréfléksikeun dina wangun karangan sastra. Dina maca téks féminis, nu maca kudu nempatkeun manéh salaku wanoja. Hartina nu maca kudu sadar. yén dina téks karya nu dibaca, aya sora wanoja nu kudu didéngé jeung diperhatikeun leuwih jero. Nu jadi tatapakan dina novel *Kembang-kembang Anten* téh dikaji féminisna nyaéta dina ieu novel kapaluruh ayana ajén-ajén féminis anu dicirian ku opat ciri téks féminis nya éta: 1) jadi média pikeun wanoja ngedalkeun aspirasina; 2) ayana usaha pikeun ngahontal kasaimbangan budaya (*androginitas*); 3) nyadiakeun métode conto ku jalan éksplorasi atawa pangalaman anyar, jeung 4) ngawanohkeun solidaritas antara tokoh wanoja dina novel (*sisterhood*) (Register, dina Isnéndés 2010, kc. 48).

Karya sastra teu bisa dilésokeun tina struktur pangwangun carita. Dina panalungtikan ngeunaan karya sastra, perlu ayana prosés mesék karya sastra leuwih teleb ngagunakeun pamarekan strukturalisme. Strukturalisme nyaéta hiji pamarekan anu leuwih nyosok jero ngeunaan hiji objék kajian, strukturalisme enas-enasna miboga harti yén hiji karya sastra dimasarakat mangrupa hiji kagemblengan

lantaran aya interaksi antara struktur jeung kagemblenganana (Koswara, 2013, kc. 14). Ayana pedaran struktur mangrupa salasahiji léngkah pikeun ngalengkepan data ngeunaan pasualan citra wanoja dina éta karya.

Citra sosial wanoja mangrupa gambaran saenyana citra anu raket patalina jeung norma sarta sistem ajén anu lumaku dina pakumbuhan masarakat, nyaéta tempat wanoja salaku salasahiji bagian tina ayana hubungan antarmanusa (Martha, 2010). Ku kituna, tangtuna katitén yén kaum wanoja dina kahirupanna teu bisa leupas tina pakumbuhan masarakat. Bagian tina masyarakat téh di antarana kulawarga jeung masarakat lingkungan sabudeureun. Dumasar kana kalungguhan wanoja dina lingkungan kulawarga bisa miboga peran salaku pamajikan, salaku ibu rumah tangga, salaku indung nu patali jeung kahirupan sosial di lingkungan kulawarga (Juanda, 2018: 72). Kaum wanoja kudu bisa nyaluyukeun jeung nempatkeun dirina waktu di lingkungan kulawargana tanpa ngarobah kawajiban salaku wanoja. Kitu deui di lingkungan sosial masarakat, wanoja bisa mekar ngaliwatan kamandangna ku cara ngébréhkeun pangaweruhna.

Pentingna ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun jadi pamuka idéologi kaum wanoja hususna, yén aya sababaraha forum antara kaum wanoja jeung lalaki anu teu bisa pacorok. Ayana watesan-watesan pikeun kaum wanoja nu teu jadi pasualan dina nyaluyukeun dirina jeung kamekaran zaman. Sakumaha anu ditétélakeun ku Sugihastuti (2013: 143-144) yén saenyana perkara penting anu jadi lawang pamuka pamikiran masarakat ngeunaan citra sosial hiji wanoja nyaéta diri wanojana. Saluyu jeung kamandang di luhur yén enas-enasna para wanoja kudu némbongkeun dirina salaku wanoja anu bisa tumut, turut jeung satia dumasar unggah ungguh tatakrama wanoja Sunda nu saenyana. Tapi di sagigireun ti éta wanoja ogé miboga hak pikeun ngahontal cita-citana dina widang atikan anu merenah. Nepi ka kaum wanoja mibanda pangaweruh jeung pondasi anu ajeg ku atikanna nu luhur pikeun nyaluyukeun dirina kana mangsa kamajuan “*era globalisasi*”.

Aya sawatara panalungtikan nu ngarojong ieu tulisan nyaéta nu dilakukeun ku Putri, Intan Rizkia (2012) “Kepribadian Tokoh Utama Dalam Cerita Bersambung *Kembang-Kembang Anten Karya Aam Amilia Pendekatan Psikoanalisis*”. Jatinangor: Skripsi. Hasil panalungtikan anu dilakukeun nyaéta

ayana kapribadian anu dipangaruhan ku faktor-faktor dina jero jeung luar anu aya dina dirina sorangan, sarta peran gender mangrupa salasihiji faktor anu mangaruhan kana prosés pembentukan pribadi tokoh utama.

Panalungtikan nu miboga sasaran jeung panalungtikan anu dilaksanakeun saacaanna nyaéta ku Nurfajriani, Tsany (2018) “Citra jeung Stéréotip Wanoja Sunda dina Novel *Marjanah* Karangan S. Djojopuspito”. Bandung: Skripsi. Hasil éta panalungtikan nyaéta ngeunaan citra wanoja Sunda dina lingkungan sosial sarta pangaruh kasang tukang keluarga, boh ménak atawa rahayat biasa dina idéologina. Éta panalungtikan sarua medar ngeunaan struktur jeung citra wanoja.

Aya deui panalungtikan anu dilakukeun ku Kumalasari, Ratna (2018) “Babandingan Citra Wanoja dina Novel *Galuring Gending* Karya Tatang Sumarsono jeung Novel *Ronggeng Dukuh Paruk* Karya Ahmad Tohari”. Bandung: Skripsi. Eusi éta panalungtikan medar ngeunaan babandingan kalungguhan citra wanoja Sunda dina karya sastra dumasar panulisna nyaéta lalaki. Éta panalungtikan sarua medar ngeunaan citra wanoja tapi dina wangun ngabandingkeun dua objék. Asihna, Damalia Suci (2013) “Kalungguhan Tokoh Wanoja Dina Kumpulan Carpon *Haté Awéwé* Karangan Risnawati: Tilikan Féminisme”. Bandung: Skripsi. Salian ti éta panalungtikan séjénna dilakukeun ku Jamilah, Ai (2015) “Ulukan Struktural jeung Féminisme Kana Novel *Handeuleum 'Na Haté Beureum* Karya Chyé Réty Isnéndés Pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel Di SMA Kelas XI”. Bandung: Skripsi.

Aya deui panalungtikan dina novel Indonesia anu dilakukeun ku Sakinah, Myrna Nur (2014) “Citra Perempuan Dalam Novel *The Holy Woman: Satu Kajian Feminis*” Bandung: Jurnal Metasastra 15 (02). Hasil tina éta panalungtikan écés pisan yén kaum wanoja dianggap leuwih handap darajatna sarta teu dibéré kasempetan pikeun nepikeun kamandangna, hak, sarta kawajibanna. Pedaran tina éta panalungtikan ngahasilkeun kacindekan yén citra wanoja nu digambarkeun dumasar karakter tokoh dina éta carita salaku *'The Submissive Wife'* miboga karep pikeun ngahontal cita-citana kalayan atikan anu luhung, pamikiran anu nanjung, tapi kawatesanan ku aturan ti salaki jeung bapana, nepi ka diumpamakeun salaku bonéka ku salaki jeung bapana (Sakinah, 2014, kc.83).

Panalungtikan séjénna nyaéta nu dilakukeun ku Iskandar, Rani Yulianty (2012) “Citra Perempuan di dalam Karya Sastra dan Film”. Bandung: Jurnal Sosioteknologi 26 (11). Pedaran tina éta panalungtikan ngahasilkeun kacindekan yén citra wanoja nu digambarkeun dumasar karakter tokoh wanoja Sunda nyaéta Dayang Sumbi (dina jaman baheula) jeung Nyi Iteung (jaman modérn / kiwari) geus réa ngalaman parobahan jeung bébédaan boh tina karakter, dangdanan, sarta ideologi nu kapangaruhan ku ayana modernisasi. Bédana panalungtikan anu dilakukeun saméméhna dina sumber data anu digunakeunna kabéh ngagunakeun pangarang novel lalaki, ari sumber dina ieu panalungtikan mah panulisna wanoja nyaéta Aam Amilia kajaba objek tina ieu panalungtikan téh béda. Salian ti objék panalungtikan ulikan anu digunakeun dina ieu objék téh can aya nu nalungtik nyaéta ngagunakeun feminisme. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan kalayan judul "Citra Wanoja Sunda dina Novel *Kembang-kembang Anten* Karangan Aam Amilia: Ulikan Struktural jeung Féminisme”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, sangkan panalungtikan teu lega teuing ambahanna sarta bisa leuwih museur. Ku kituna, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha struktur carita dina novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia?
- 2) Kumaha citra wanoja Sunda dina novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia?
- 3) Kumaha kalungguhan wanoja dumasar hal sosial jeung atikan dina novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah diluhur, ieu panalungtikan téh miboga dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngeuyeuban panalungtikan sastra nu geus aya sarta matotoskeun pasualan wanoja dumasar tokoh wanoja dina éta karya salaku kajian nu relevan dina kritik sastra.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun mikanyaho.

- 1) Unsur struktural nu aya dina novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia.
- 2) Citra wanoja Sunda dina novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia.
- 3) Kalungguhan wanoja dumasar hal sosial jeung atikan dina novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

Unggal panalungtikan pasti miboga mangpaat boh keur diri pribadi panalungtik atawa pikeun masarakat umum, utamana masarakat sastra. Mangpaat dina ieu panalungtikan téh dirumuskeun jadi dua, nyaéta mangpaat téoritis, jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu hasil panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun pikeun référénsi hususna panalungtikan anu satuluyna umumna ngeunaan sastra, sarta dipaké pikeun mekarkeun élmu pangaweruh jeung alternatif dina ngaaprésiasi karya sastra utamana dina féminisme.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan nya éta:

- 1) salaku média informasi pikeun ngeuyeuban pangaweruh hususna dina perkara sastra anu museur kana féminisme dina jero karya sastra.
- 2) salaku bahan pikeun ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra sunda, tur jadi inventaris dina kamekaran sastra sunda.
- 3) sumber data dina panalungtikan séjénna ngeunaan citra wanoja pikeun aprésiasi sastra.

- 4) pikeun panalungtik jeung nu maca bisa jadi panggedur sarta eunteung pikeun wanoja-wanoja sunda ayeuna jeung mangsa nu bakal datang sangkan maham kana kalungguhan jeung peran wanoja sunda nu sabenerna.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab, sakumaha nu dipedar ieu di handap.

Bab I eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dibagi jadi dua, tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi dua, mangpaat tioritis, jeung mangpaat praktis, jeung sistematika tulisan.

Bab II eusina ngeunaan tiori-tiori nu ngadadasaran panalungtikan sarta kalungguhan masalah nu ditalungtik dina widang paélman. Dina ulikan pustaka, tiori-tiori nu aya dibandingkeun sarta dipatalikeun jeung masalah nu keur ditalungtik. Salian ti ayana tiori-tiori nu ngadadasaran panalungtikan, dina Bab II gé kudu aya pedaran ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung kalungguhan tioritis panalungtikan nu dilaksanakeun.

Bab III medar ngeunaan métode panalungtikan nu diwincik deui jadi desain panalungtikan, data jeung sumber data, ngumpulkeun data, instrumen panalungtikan jeung analisis data.

Bab IV eusina ngeunaan hasil jeung pedaran analisis data nu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, katut tiori-tiori dina Bab II.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan hasil jeung pembahasan panalungtikan ngeunaan struktural jeung feminism dina novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia. Saran atawa rékoméndasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua minangka lajuning lakuna tina hasil panalungtikan.